

FON SOULAJMAN LWAYE VIL BOSTON

Kesyon yo poze souvan pou Manadjè Pwopriyete / Mèt Kay yo

Mwen se yon mèt kay/manadjè pwopriyete ki gen lokatè ki gen aryere lwaye. Kisa mwen ka fè pou m patisipe nan Fon Soulajman Lwaye a?

Yon lokatè dwe soumèt aplikasyon pou Fon Soulajman Lwaye yo. Asire ke lokatè ou yo okouran de pwogram sa a epi ankouraje yo pou aplike [isit la](#). Lokatè yo pral bezwen enfòmasyon kontak pou manadjè pwopriyete /mèt kay yo pou aplikasyon an ansanm avèk yon kopi siyen nan kontra lokasyon oswa lwaye aktyèl yo. Tanpri asire ke lokatè ou yo gen aksè nan enfòmasyon sa a. Ou kapab sipòte tou pwosesis aplikasyon an lè ou bay materyèl ki annaprè a ansanm avèk aplikasyon lokatè w:

- [W9](#) (Mèt kay la dwe ranpli, date ak siyen)
- Prèv pwopriyete (Dokiman Akseptab gen ladan: Bòdwo Taks, Bòdwo dlo, papye kay, ipotèk, bòdwo asirans pwopriyete lwaye, oswa dokiman nan [evalyasyon anliy](#))
- [Lèt akseptasyon finansman siyen](#)

Antanke manadjè pwopriyete/mèt kay, ki dokiman mwen bezwen pou m bay?

Mèt kay/manadjè pwopriyete yo dwe bay prèv pwopriyete, kontra lwaye oswa lokasyon aktyèl, W-9, ak yon lèt akseptasyon finansman siyen (gade lis konplè a anwo a) anvan yo ka emèt yon asistans pou lwaye. Pwopriyete kay yo ka aplike pou yon Nimewo Idantifikasyon Anplwayè si yo pa gen youn [isit la](#). Yo pral mande pwopriyete kay yo pou bay enfòmasyon sa a apre yo fin verifye elijiblite lokatè a pou finansman.

Poukisa ou bezwen enfòmasyon sa a?

Ajans non-pwofi yo kap jere Fon Soulajman Lwaye a bezwen dokiman yo mande a nan fason pou yo kapab bay peman asistans pou lwaye. Yo pa kapab bay asistans lwaye a si ou pa bay dokiman sa a.

Avèk kimoun yo pral pataje enfòmasyon sa a?

Yo pral pataje enfòmasyon sa a avèk òganizasyon non-pwofi a ki pral emèt peman pou asistans lwaye a.

Èske mwen pral resevwa yon 1099?

Wi, règleman IRS ap egzije yon 1099 nan fason pou yo kapab emèt peman pou asistans lwaye.

Mwen gen lokatè ki te resevwa asistans anvan sa nan Fon Soulajman Lwaye a. Èske yo bezwen pou yo re-aplike?

Wi. Sa a se yon nouvo pwogram avèk nouvo finansman, lokatè yo pral bezwen pou soumèt yon nouvo aplikasyon.

Poukisa yo ka itilize finansman/asistans sa a?

Fon Soulajman Lwaye Vil Boston ka ede lokatè yo ki gen depans ki annaprè yo:

- An soufrans (apati 13 Mas 2020), oswa jiska twa mwa nan depans ki prevwa pou lwaye
- An soufrans (apati 13 Mas 2020), ankou, oswa jiska twa mwa nan depans ki prevwa pou sèvis piblik (enkli entènèt) ak depans enèji pou kay (alokasyon \$1,500 pou sèvis piblik)
- Frè pou demenaje nan Vil Boston

Ou pa kapab itilize finansman pou sa ki annaprè yo:

- Aryere lwaye oswa bòdwo sèvis piblik anvan 13 Mas 2020
- Peman pou kay pwogram tretman yo
- Peman pou pwopriyetè kay ki se fanmi pwòch oswa manm fanmi (sof si paran pwòch la te enkòpore tankou LLC)

Nan konbyen tan yap bay peman an?

Yap voye peman yo atravè chèk oswa depo elektwonik dirèkteman bay pwopriyetè kay la ak/oswa konpayi sèvis piblik yo. Peman yo ta dwe rive nan lespas 7-10 jou apre notifikasyon yon aplikasyon apwouve.

Kisa repetisyon benefis ye?

Ou pa ka itilize Fon Soulajman Lwaye pou kouvri asistans lwaye ak/oswa sèvis piblik ki te deja kouvri pa lòt sous finansman yo. Si ou te deja aplike oswa planifye pou aplike pou asistans nan lòt sous yo, demann ou pou asistans grasa finansman sa a dwe kouvri diferan mwa sèvis. Pa egzanp, si ou te deja resevwa /aplike pou asistans lwaye nan lòt sous yo pou mwa Mas ak Avril, demann ou pou fon sa a pa kapab enkli mwa sa yo

Èske peman pou asistans lwaye a kapab kouvri frè reta oswa lòt frè yo?

Nou ankouraje mèt kay yo ki patisipe nan Fon Soulajman Lwaye a pou anile frè reta an retou paske yo resevwa asistans. Ankourajman sa a pou anile frè reta ap ede fon an ede plis rezidan.

Ki kondisyon pwogram lan genyen ke pwopriyetè kay la dwe aksepte?

Pwopriyetè kay yo dwe aksepte pou:

- Retabli lokasyon patisipan an
- Pa pouswiv avèk degèpisman an pou peryòd asistans sa a
- Ranvwaye yon degèpisman si asistans sa kouvri aryere lwaye a
- Enfòm OHS si gen nenpòt chanjman nan lokasyon patisipan an
- Patisipe nan sesyon medyasyon gratis nan OHS si nenpòt pwoblèm ta souleve avèk lokasyon patisipan an

Mwen se yon ti pwopriyetè kay ki toujou gen difikilte pou peye peman ipotèk nan yon bilding mwen posede. Ki resous ki disponib pou pwopriyetè kay yo nan sitiyasyon sa a?

Anplis de Fon Soulajman Lwaye Vil Boston gen resous eta sa ki gen ladan Asistans Rezidansyèl pou Fanmi yo ki an Tranzisyon (RAFT) ak Asistans pou Ipotèk & Lwaye Ijans [Emergency Rent & Mortgage Assistance (ERMA)] ki kapab reponn a bezwen ou yo (plis enfòmasyon disponib nan toulède pwogram yo [isit la](#)).

Lokatè mwen yo te anmezi pou fè peman pasyèl oswa antye men yo gen difikilte pou fè peman nan lavni. Ki lòt resous ki disponib pou yo?

Nou ankouraje alafwa lokatè ak pwopriyetè kay yo pou aplike pou resous yo ki liste anwo a. Biwo Estabilite Lojman ofri tou yon inisyativ konsèy pou pwopriyetè kay yo pou ede mèt kay Boston yo avèk nèf oswa mwens inite jwenn solisyon rapid ak ekonomik pou ede konsève lokasyon ak estabilize pwopriyete, nan mezi posib. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou pwogram sa a [isit la](#).